

Prepare ou pou w Enskri pou Asirans Sante !



Li pi rapid ak pi fasil pou enskri lè ou pare. Sanble mezi enfòmasyon ou kapab pou tout moun nan kay ou lè w ap enskri.

Menm si ou pa gen tout enfòmasyon sa yo, ou ka toujou kòmanse pwosesis pou enskri an.

Enfòmasyon sou Kay la

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Dat nesans
- Enfòmasyon ajou sou travay ak revni, tankou deklarasyon taks, fòm W-2 oswa souch chèk
- Kat asirans, si moun nan kay ou gen asirans sante

Dokiman Imigrasyon (obligatwa si ou se yon imigran ki gen papyè)

Bagay ki montre sitiyasyon legal ou ak imigrasyon nan peyi Etazini ka gen ladan:

- Kat Rezidan Pèmanan (Grinkat / I-551)
- Kat Otorizasyon Travay (I-766)
- Sètifika Natiralizasyon
- Dosye Arive / Depa (I-94 oswa I-94A)
- ORR Verifikasyon Fòm Pèmision (ORR UAC / R-1)
- Paspò

Konsèy itil

- Chwazi yon plan ki bon pou ou ak fanmi ou:
 - Konnen istwa sante fanmi ou, ki gen ladan nenpòt medikaman n ap pran ak doktè n ap wè.
 - Si ou gen yon pwofesyonèl swen sante regilye, ekri plan asirans yo aksepte. Rele biwo pwofesyonèl swen sante ou si ou pa sèten.
- Aprann langaj asirans sante yo. "Dediktib," "kopeman" ak "peryòd pwoteksyon" yo se mo ki afekte opsyon ou yo. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou kijan asirans sante mache, ale sou [nyc.gov/hilink](https://www.nyc.gov/hilink).

Jwenn èd gratis, fas-a-fas, nan lang ou

Moun k ap ede fas-a-fas yo ka eksplike ou asirans sante ak opsyon nan swen medikal ou, ede ou aplike epi travay ak ou pou konnen si ou kalifye pou èd finansye. Y ap kenbe enfòmasyon ou prive.

 **Rele 311**

 **Voye tèks CoveredNYC bay 877877 (oswa SeguroNYC pou èd an panyòl)**

 **Ale sou sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](https://www.nystateofhealth.ny.gov)**

Get Ready to Sign Up for Health Insurance!



Sign-up is faster and easier when you're prepared. Have as much of this information as you can for everyone in your household signing up.

Even if you don't have all of this information, you can still start the sign-up process.

Household Information

- Social Security numbers
- Current employment and income information, such as tax statements, W-2 forms or pay stubs
- Birth dates
- Insurance cards, if members of your household have health insurance

Immigration Documents (required if you are a documented immigrant)

Items that show your legal immigration status in the U.S. can include:

- Permanent Resident Card (Green Card/ I-551)
- Naturalization Certificate
- ORR Verification of Release Form (ORR UAC/R-1)
- Employment Authorization Card (I-766)
- Arrival/Departure Record (I-94 or I-94A)
- Passport

Helpful Tips

- Pick a plan that is right for you and your family:
 - Know your family's health history, including any medications that you take and doctors you see.
 - If you have a regular health care provider, write down the insurance plan(s) they accept. Call your provider's office if you are unsure.
- Learn about health insurance terms. "Deductible," "copayments" and "coverage period" are terms that affect your options. If you need more information about how health insurance works, visit nyc.gov/hilink.

Get free, in-person assistance in your language

In-person assistors can explain your health insurance and medical care options, help you apply and work with you to find out if you qualify for financial help. Your information will be kept private.

 **Call 311**

 **Text CoveredNYC to 877877 (or SeguroNYC for help in Spanish)**

 **Visit nystateofhealth.ny.gov**